

10 out 2020

Chanjman enpòtan pou semès otòn lan nan Maryland

Chè kominote Inivèsite Maryland,

Sa fè egzakteman twa semèn anvan semès otòn 2020 an kòmanse, epi mwen vle akeyi nou pou kòmansman ane akademik la. Pou anpil rezon, se ap yon semès tankou pa te janm genyen anvan, men misyon prensipal nou rete konstan: Nou pral bay yon edikasyon kalib mondyal apati pi bon pwofesè nan peyi a.

Pandan plizyè mwa pase yo, nou te travay anpil pou devlope ak amelyore plan pou re-ouvèti kanpis fizik nou an otòn sa a. Plizyè santèn pwofesè, pèsònèl ak etidyan ap kolabore nan gwoup travay ak ekip pou kreye yon anviwònman ki rich akademikman pou semès otòn lan. Gen plis pase 600 bous ki te bay pou apwòch inovatif pou aprantisaj sou entènèt ak mik. Nou te travay tou pou kreye yon anviwònman ki gen distans fizik, rich sosyalman, ki gen ladan repriz aktivite yo nan Stamp Student Union, pwogram rekreyatif ak byennèt ak yo eksperyans rezidansyèl sou kanpis ki pa konsantre.

Nou te devlope anpil mezi sante ak sekirite, amelyore netwayaj ak dezenfeksyon etablisman yo sou kanpis la, reyalize tès sou tout kanpis la pou mezire pousantaj enfeksyon debaz COVID-19 la ak antame efò pou siveye kalite dlo ize ak lè pou viris la.

YON CHANJMAN NAN ORÈ OTÒN LAN

Pandan n ap kontinye ak gwo efò nou yo, nou rekonèt gen kèk aspè prevansyon viris la ki rete odela kontwòl nou. Malgre efò agresif ak konsistan lidèchip eta ak konte a, prevalans COVID-19 la nan Eta Maryland ak nan Konte Prince George rete pi wo ke nou te swete pou retou nou nan otòn lan. Dènye pousantaj pozitivite sou 7 jou nan konte a se 5.40 pousan, pi wo nan eta a.

Mwen, pa konsekan, anonse jodi a ke Inivèsite Maryland ap kòmanse semès la jan sa pwograme nan dat 31 out men ap retade ansèyman an pèsòn pou premye sik la jiska 14 septanm. Ansèyman pou premye sik la pral fèt sou entènèt pandan de premye semèn yo. Tout ansèyman siperyè yo ak aktivite rechèch ki apwouve yo pral kontinye jan sa te planifye.

Mwen konnen reta de semèn sa a desevan, men l ap pèmèt nou reprann pwogresivman aktivite sou kanpis yo ak pèmèt nou aplike tès viris la sou tout kanpis la, jan sa dekri anba a. Analiz rezilta tès yo, nan koperasyon pwòch ak responsab sante eta a ak konte a pral pèmèt nou evalye pousantaj pozitivite konte ak kanpis la, disponiblite ak nesosite pou espas izòlman ak karantèn, ak lòt faktè enpòtan pandan aktivite sou kanpis la ap reprann. Nou p ap ezite pase nan mezi ki pi egzijan si premye evalyasyon yo, ak kondisyon sante nan eta, konte oswa kanpis nou an mande sa.

Se gwo espwa ak atant nou ke n ap reprann ansèyman an pèsòn ak mik yo nan dat 14 septanm. An menm tan, sante kominote inivèsite nou an ak ralanti pwopagasyon COVID-19 la dwe rete priyorite kontinyèl ak inebnanlab nou.

ENPAK SOU LOJMAN AK REPA

Pou elèv yo ki konte viv nan rezidans inivèsite sou kanpis la, tanpri tcheke [enfòmasyon sou anmenajman](#) ke Resident Life deja anonse. Si elèv yo ta gen kesyon espesifik sou anmenajman an, tanpri voye imèl bay reslife@umd.edu. Anplis de sa, pou bay elèv ak fanmi yo tan anplis pou deside sou pi bon chwa pou semès sa a, delè pou konfime lojman nan rezidans inivèsite sou kanpis la te pwolonje jiska mèkredi 12 out nan 12 pm. Anmenajman nan rezidans inivèsite a ap kontinye jan sa pwograme epi nou aktyèlman prevwa itilize mwens pase 45 pousan espas la. Depatman Resident Life la pral voye enfòmasyon espesifik nan yon ti tan.

Pou tout etidyan k ap viv sou kanpis ak andeyò kanpis, nou mande pou yo rete nan rezidans yo kòm mezi prekosyon otan sa posib rive 14 septanm. Sa ap ede nou redui entèraksyon pandan faz evalyasyon kritik sa a pou plan re-ouvèti nou an. Pandan peryòd de semèn sou entènèt nou an, tout repa sou kanpis la se pral pou anpòte pou ka minimize entèraksyon pa anndan yo pandan repa, kote mete yon mask pa posib.

Mwen konnen anpil nan etidyan nou yo vle konnen si yo dwe vini oswa pa vini sou kanpis la. Malerezman, sa se yon kesyon mwen pa ka reponn. Se yon chwa konplèks epi sa ki bon pou yon etidyan ka pa bon pou yon lòt. Olye de sa, mwen rekòmande tout etidyan yo pou gen yon bon konvèsasyon ak fanmi yo ak pwòch yo epi deside sa ki bon pou yo. Kèlkeswa yon elèv antre nan rezidans pou otòn sa a oswa pa fè sa, nou isit la pou bay eksperyans edikatif bon kalite.

MEZI SEKIRITE ANPLIS

Tès COVID-19 Obligatwa

[Sistèm Inivèsite Maryland lan te pibliye dènyèman direktiv](#) ki di tout etidyan, pwofesè ak pèsonèl yo pral gen obligasyon pou fè tès COVID-19 anvan semès la kòmanse. Kòm rezilta, tanpri prepare pou fè yon tès anvan ou tounen sou kanpis la. [Klike isit la pou jwenn enfòmasyon sou sit tès yo nan zòn ou](#). Si ou teste negatif pou COVID-19, ou dwe bay inivèsite a konfimasyon rezilta a. Si ou teste pozitif, ou dwe rete lakay ou, swiv direktiv CDC yo epi jwenn otorizasyon founisè swen sante ou anvan ou vini sou kanpis la. *Etidyan yo pral gen obligasyon pou fè tès anvan ou rive sou kanpis la.*

Inivèsite a ofri tès sou kanpis gratis pandan semèn 17 Daout, 24 Daout ak 31 Daout pou tout manm kominote a. Y ap mande ou pou rete lakay ou oswa nan rezidans ou sou kanpis la ak siveye sentòm viris yo jiskaske ou resevwa yon rezilta tès negatif. Nenpòt moun ki teste pozitif pral gen obligasyon izole tèt li lakay oswa nan rezidans sou kanpis li a pandan 14 jou, dapre direktiv CDC yo. [Tanpri klike isit la pou enskri pou tès sou kanpis sa a](#). Sant Sante Inivèsite a ap bay byento plis detay sou fason pou ajoute rezilta tès yo anvan ou vini sou kanpis la ak tès sou kanpis la.

Teste tout moun ki fizikman prezan sou kanpis nou an enpòtan anpil pou konpreyansyon nou sou prevalans kowonaviris la nan kominote nou an. Nou atann gen yon kantite moun k ap teste pozitif epi nou te devlope pwosedi apwopriye pou kòmanse idantifikasyon kontak bonè ak pwotokòl pou izòman oswa karantèn pou nou ka ede pwoteje kont plis pwopagasyon viris la.

Chanje Konpòtman ou Enpòtan Anpil pou Sikse

Pou nou tout gen semès otòn ki pi an sekirite posib, li obligatwa pou tout moun pratike ak ranfòse konpòtman sen. Tout manm sou kominote kanpis nou an pral gen obligasyon pou swiv mezi sa yo:

- Mete yon pwoteksyon figi toutan pa anndan ak pa deyò lè ou nan prezans lòt;
- Lave men ou souvan epi pratike bon ijyèn pèsònèl;
- Pratike bon distans fizik lè ou rete nan omwen distans 6 pye de lòt yo;
- Rete lakay ou si ou santi ou malad, epi rapòte sentòm yo bay Sant Sante Inivèsite a ak doktè pèsònèl ou;
- Siveye sentòm ou yo chak jou epi soumèt yo nan sistèm rapò sou entènèt la ki sitiye nan return.umd.edu.

Kapasite nou pou reprann kou premye sik yo an pèsòn pral depann, an pati, de adopsyon kominote nou an pou 4 konpòtman sen Maryland sa yo pandan de (2) premye semèn ansèyman vityèl la.

Anplis de sa, Egzekitif Konte Prince George la ap itilize otorite Dekrè Egzekitif Gouvènè a bay pou limite gwosè fèt oswa rasanbleman nan kay. Konte a gen otorite pou chaje nenpòt moun ki reyalize oswa patisipe nan yon gwo fèt oswa rasanbleman avèk yon deli ki ka gen yon pèn maksimòm jiska yon ane nan prizon, yon amann \$5,000 oswa tou de. Pou pifò kay nan zòn College Park, sa vle di pa dwe gen okenn fèt oswa rasanbleman ki gen plis pase 10-20 etidyan. [Klike isit la pou revize dènye restriksyon ki dekri nan dekrè egzekitif la.](#)

N ap travay avèk biznis nan Vil College Park yo pou asire mezi sa yo aplike nan restoran, ba ak inite lojman lokasyon lokal yo. Etidyan yo dwe swiv tout mezi sante ak sekirite yo ni sou kanpis ak ni pa deyò kanpis la, dapre Kòd Konduit Etidyan nou an. Sanksyon pou non konfòmite yo gen ladan, men pa limite ak, pèt privilèj pou patisipe nan evènman sou kanpis, ranvwa nan lojman, ranvwa nan tout aktivite sou kanpis ki gen ladan kou an pèsòn, ak ranvwa nan Inivèsite a. Nou serye nan zafè ranfòse Kòd Konduit Etidyan nou an akòz konpòtman yon moun ka fè diferans ant lavi ak lanmò.

Pwofesè ak manm pèsònèl la ki pa an konfòmite pral sijè ak mezi disiplinè pwogresif pou anplwaye.

Fòmasyon ak Angajman pou COVID-19

Tout etidyan yo ap gen obligasyon pou fini fòmasyon sou entènèt pou COVID-19 anvan semès otòn lan kòmanse. Nan kad fòmasyon sa a, etidyan yo ap gen obligasyon pou siyen yon angajman "I Am 4 Maryland" ki di yo dakò pratike tout mezire sekirite sou kanpis ak andeyò kanpis "4 Maryland" ki apwopriye yo. Divizyon Afè Etidyan an pral voye enfòmasyon sou fòmasyon ak angajman bay etidyan yo.

Jan sa te anonse anvan sa, tout pwofesè ak pèsònèl la gen obligasyon pou fini fòmasyon sou entènèt pou COVID-19 la ak dakò ak yon "Angajman Responsabilite Kominotè" a nan return.umd.edu anvan yo kòmanse travay sou kanpis la. Nou espere chak manm nan kominote nou an ap respekte direktiv sante sa yo.

4 MARYLAND

Pandan n ap aplike bann mezi sekirite sa yo, nou konte sou chak manm nan kominote nou an pou ankouraje ak adopte konpòtman sen nan kad angajman "4 Maryland" nou an. Inivèsite a ap fè tout sa li kapab pou kreye yon anviwònman sen pou pwofesè, pèsònèl ak etidyan yo men siksè nou pral repoze sou patisipasyon aktif chak grenn nan nou. Si yon moun pa respekte kondisyon yo, li mete an danje sante ak sekirite tout moun.

Nou ka jwenn plan re-ouvèti konplè nou an, ki gen ladan mezi sante yo, sou umd.edu/4Maryland. Nou ka telechaje plan re-ouvèti a tou tankou yon [bwochi dijital](#). Materyèl sa yo pral mete ajou regilyèman pandan kondisyon yo nan eta, konte ak inivèsite nou an ap evolye. Mwen ankouraje ou vizite sit la souvan pou rete ajou. Gen yon fòm [kòmantè](#) ki disponib sou sit 4 Maryland lan pou kesyon ak kòmantè konsènan nenpòt pati nan plan re-ouvèti nou an.

Nou apresye pasyans ou pandan moman ekstraòdinè sa yo. Nan travay ansanm, nou ka anpeche pwopagasyon kowonaviris la pou tout moun nan Inivèsite Maryland lan ak kominote ozalantou nou. An nou pran swen youn lòt.

TerrapinStrong!

Darryll J. Pines

Prezidan, Inivèsite Maryland